Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилъе,нилъ гьечIого,хур.
Инхоса ГIали-хIажи

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

# Гумбет

Гумбет районалъул газета



№ 17 (6903) 6 май 2024 с. Итни Шавал 1445 с. Багьа - эркенаб

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ АНКЬ

## КIудияб Бергьенлъиялъул хIурматалда байрам тIобитIи

**ВатIан бокьиялъул, рагъулалгун спортивиял тадбирал гIуцIиялъул бицана**

**2024-абилеб соналъул 2-абилеб маялда Бакълъул районалъул администрациялда муниципалитеталъул бетIер Гъалип Гъалиповасул нухмалъиялда КIудияб Бергьенлъи босаралдаса 79 сон иналъул хIурматалда байрам гIуцIиялъул суалал рорхараб данделъи тIобитIана.**



Гьенир гьединго гIахьаллъана районалъул нухмалъулесул заместителал ГIалихан ДавудхIажиев, МухтарахIмад АхIмадов, регионалиял, бакIалъулал идарабазул вакилзаби ва цогидал.

Гъалип Гъалиповас лъазабуна фашистазулаб Германия къезабуралдаса 79 сон иналда хурхун тIоритIулел тадбирал къиматаб даражаялда гIуцIизе хIаракат бахъеян. «Фашистаздаса дунял эркен гьабиялда хурхарал тадбирал лъикI тIоритIиялде кIвар буссинаби – нилъер борч. ВатIаналъул тIалабал тIуралаго нилъедаса ратIалъарал кIочене гьечIо. Жакъа, КIудияб ВатIанияб рагъул гIахьалчагIиго гIадин, СВОялъул мухъалда неофашистазда данде рагъулел руго нилъер бахIарзал. Гьарула гьезие бергьенлъигун тIадруссин», - ян абуна Гъалип Гъалиповас.

КIудияб ВатIанияб рагъда бергьаралдаса 79 сон иналда хурхун бакълъулазул мухъалда ВатIан бокьиялъул, рагъулалгун спортивиял ва цогидал тадбирал гIуцIизе руго. Гъалиповас дандеруссиналъул гIахьалчагIазде хитIаб гьабуна, цадахъ хIалтIун, байрам къиматаб даражаялда гIуцIизе хIаракат бахъеян.

**Зугьра ГIабдулкъадирова**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ ГIУМРУ

## Килалъ: маданиял, спортивиял, диниял акциял

**ГIолилазул хIаракаталдалъун цолъиялъул тадбир гIуцIана**

**Бакълъул районалъул Килалъ росулъ араб анкьалъ гIолилазул пикру дандеккеялъул рохалилаб тадбир тIобитIана. Гьенир гIахьаллъи гьабуна муниципалитеталъул бетIер Гъалип Гъалиповас, районалъул депутатазул Собраниялъул нухмалъулев Мухтар АхIмадовас, бакълъулазул имам ГIабдула Ибрагьимхановас, сахаватчи БатIал БатIаловас ва цогидаз.**



Гьеб тадбир тIубаялъулъ аслияб бутIа лъуна 2004-абилеб соналъ Килалъ росдал школа лъугIизабурал выпускниказ.

Тадбиралъул программаялда рекъон тIобитIана волейболалъул турнир, мажлис ва цогидал спортивиял, маданиял, диниял акциял.

Гьеб къоялъ гIагараб росулъе рачIана батIи-батIиял шагьаразда, районазда гIумру гьабула ругел килал. Данделъиялда гIахьаллъаразе квенги чIезабун букIана килдерица.

**«Гумбет» информациялъул гIуцIи**

ЧIАЛДА МОХМОХ БИЦЦАЛЪАГИ

## МухIамад ГIабдулхIалимов – АПКялъул хIалтIухъабазул махщел борхиялъул сессиялда

**Муниципалитеталъул администрациялъул росдал магIишаталъул ва экономикаялъул управлениялъул нухмалъулев МухIамад ГIабдулхIалимовас гIахьаллъи гьабуна АПКялъул хIалтIухъабазул махщел борхизабиялъул суалал рорхараб сессиялда. Тадбир тIобитIана Дагъистаналъул тахшагьаралда ДРялъул ХIукуматалъул нухмалъулев ГIабдулмуслим ГIабдулмуслимовасул нухмалъиялда.**



ГIабдулхIалимовасул рагIабазда рекъон, ГIабдулмуслимовас Бакълъулазул район лъикIаб рахъалдасан рехсана чанго нухалъ тадбиралда. Муниципалитеталда ахал гIезариялда ва цогидал росдал магIишаталда хурхарал суалазде кIвар буссинабун буго.

Гъадари росулъ 3 гектаралда ах чIезе буго, росабалъ лъалъадиялъул ва цогидал суалал тIуразе хIалтIабиги гьарулел руго.

**«Гумбет» информациялъул гIуцIи**

НОМЕРАЛДА РУГО:



**Игьалиб – СВОялъул рагъухъабазул хIурматалда волейболалъул турнир**

- 2 гьум.



**«Нилъер бахIарзазул гьитIинаб ВатIан»**

- 2 гьум.



**СагIид Сайдуловасул чIел**

- 2- гьум.



**«ЧIагояб классика»**

- 2- гьум.

ЧIАХЪАГИ МАГIАРУЛАЛ

# Игьалиб – СВОялъул рагъухъабазул хIурматалда волейболалъул турнир

### Къецазулъ 6 команда гIахьаллъана

**Украинаялда тIобитIараб хасаб рагъулаб операциялъул гIахьалчагIазул хIурматалда Игьали росулъ волейболалъул турнир тIобитIана. Тадбир гIуцIана бакълъулазул администрациялъ, муниципалитеталъул спорталъул, туризмалъул, гIолилазул сиясаталъул Комитеталъ ва игьелдерил администрациялъ.**

Къецазулъ гIахьаллъи гьабуна анлъго командаялъ. ХIалуцараб, берцинаб хIаялъул хIасилалда тIоцебесеб бакI щвана «Профстройюг» командаялъе, кIиабилеб бакI босана «Сагринский» СМУялъул командаялъ, лъабабилеб бакIалъе мустахIикълъана лъелаб аскаразул «Сокол» команда.

Бергьенлъи босаразе ва къиматал бакIал ккуразе гIарцулал сайгъатал, кубокал, грамотаби ва цогидал сайгъатал кьуна тадбир гIуцIараз ва сахаватчагIаз.




Гьединго ДРялъул волейболалъул Федерациялъул нухмалъулев МухIамад Гьайирбековасул цIаралдасан баркалаялъул кагътал кьуна Игьали росдал бегавул ГIабдула Сулеймановасе, гьеб росдал гьоркьохъеб школалъул директор СагIид МухIамадовасе, сахаватчагIи ГIабдулкарим Бартихановасе ва ГIабдула Халидовасе, Бакълъул мухъалда бугеб «Инсан» фондалъул нухмалъулев АхIманаби Жамалудиновасе.

Тадбир рагьиялъулъ, тIобитIиялъулъ ва къаялъулъ жигараб гIахьаллъи гьабуна районалъул спорталъул, туризмалъул ва гIолилазул Комитеталъул нухмалъулев Салман Сурхаевас, гьеб идараялъул махщалилав ХIусен МухIамадовас, гIорхъолъа арал ишазул суалалтIураялъул ва мобилизациялъул хIалтIи гьабиялъул отделалъул нухмалъулев ХIасан ХIасановас, игьелдерил бегавул ГIабдула Сулеймановас, поселениялъул цIалул идараялъул директор СагIид МухIамадовас ва цогидаз.

«Сокол» командаялъе хасал сайгъатал кьуна СВОялъул рагъухъан, ралъдал аскаразул ротаялъул командирасул заместитель, «БахIарчилъиялъухъ» медалалъе мустахIикълъарав Шамил ИсмагIиловас. Гьес гIуцIана гьеб волейболалъул команда, хIалезе хасаб ретIел, торгIал росана ва хIажатабщинаб чIезабун буго.

Киналго СВОялъул гIахьалчагIазул рахъалдасан Шамил ИсмагIиловас командабазе гIарцулал сайгъатал, бергьараб «Профстройюг» командалъе куйги кьуна.

Абизе ккола Бакълъул районалъул Игьали росулъа 60 бахIарчияс гIахьаллъи гьабулеб буго спецоперациялда. МустахIикълъана гьел пачалихъиял шапакъатазеги. Росиялъул нухмалъулес цере лъурал рагъулал масъалаби тIураялъулъ бихьизабулеб буго мисал. Районалъул бетIер Гъалип Гъалиповас СВОялъул рагъухъабазул ва гьезул хъизамазул суалал тIуралде кIудияб кIвар кьун буго.

**Гумбет» информациялъул гIуцIи**

ВАТIАНИЯБ ТIАЛАБ ТIОБИТIУЛАГО

# «Нилъер бахIарзазул гьитIинаб ВатIан»

### Республикаялъулаб автопробегалъул гIахьалчагIи бакълъулаз къабул гьаруна

**КIудияб ВатIанияб рагъда бергьенлъи босаралдаса 79 сон иналъул, халкъазда гьоркьосел хъачагъал щущахъ рихизаруралдаса 25 сон тIубаялъул хIурматалда тIобитIараб республикаялъулаб «Нилъер бахIарзазул гьитIинаб**



**ВатIан» абураб автопробегалъул гIахьалчагIазулгун дандчIвай гьабуна Бакълъул мухъалда.**

ВатIан бокьиялъул акция гIуцIана «Бергьенлъи» ДРОО фондалъ ва ДРялъул «Офице-



разул гIуцIи» ДРООялъ. Бакълъул районалъул бетIерасул заместитель МухтарахIмад АхIмадовасда, маданияталъул ва цогидал идарабазул вакилзабаза цадахъ акциялъул гIахьалчагIаз тIугьдузул горал лъуна ВатIанияб рагъул гIахьалчагIазул хIурматалда бараб памятникалда цебе.

Данделъиялда кIалъазе рахъана афгъанияв МухIамад ХIайбулаев, «Бергьенлъи» ДРООО фондалъул нухмалъулев Ибрагьим Ибрагьимов. ВатIан бокьиялъул хIалтIи лъикI гIуцIизе бахъараб хIаракаталъухъ цебе рехсараб жамгIияб идаралъул Баркалаялъул кагътие мустахIикълъана районалъул бетIер Гъалип Гъалипов.

Гъалбадерие ва тадбиралда гIахьаллъаразе лъикIаб асар гьабуна МелъелтIа росдал гьоркьохъеб школалъул 4 «а» классалъул цIалдохъабаз цIаларал кучIдузул.

**Зугьра ГIабдулкъадирова**

СПОРТ ВА БАКЪЛЪУЛАЛ

# СагIид Сайдуловасул чIел

### Грозныялда эркенаб гугариялъул рахъалъ махщел бихьизабуна

**Бакълъул районалъул ЦIунди –Щабдухъ росулъа СагIид Сайдуловас бергьенлъи босана эркенаб гугариялъул рахъалъ 21 сон бачIел гIолилазда гьоркьор тIоритIарал къецазулъ. Спортивияб тадбир тIобитIун букIана Грозный шагьаралда.**

Сайдулов тIоцебесеб бакIалъе мустахIикълъана 79 кг цIайиялда. Гьес махщел борхизабулеб буго Шамил ГIумахановасул цIаралда Хасавюрталда бугеб спортивияб школалда Султан Рашидовасул нухмалъиялда.

Бакълъулазул бетIер Гъалип Гъалиповас гьитIинав спортсменасда бергьенлъи щвей баркана, гьарана нахъеккунги



чIахIиял бергьенлъаби ва сундулъго битIккей.

**«Гумбет» информациялъул гIуцIи**

ХIАРАКАТАЛЪУЛЪ – БАРАКАТ

# «ЧIагояб классика»

### ПатIимат МаламухIамадовалъ кечI цIалиялъул гьунар бихьизабуна

**ТIад Инхо росдал гьоркьохъеб школалъул 10-абилеб классалъул цIалдохъан ПатIимат МаламухIамадовалъ бергьенлъи босана «ХIакъикъат» газетаялъ тIобитIараб «ЧIагояб классика» абураб адабияталъул конкурсалда.**

Гьей хIадур гьаюна ТIад Инхо росдал гьоркьохъеб школалъул рахъдал мацIалъул ва адабияталъул мугIалим Сакинат МухIамадтIаминовалъ. Гьединго ПатIиматие щвана муниципалиталъул цIалдохъабазда гьоркьоб «Благонравие праведников» тIехьалда тIасан гIуцIун букIараб конкурсалда лъабабилеб бакI.

ПатIимат МаламухIамадова кIодо гьаюна Дагъистан Республикаялъул «Россиялъул халкъазул Ассамблея» идараялъ ва Дагъистаналъул рахъдал



мацIалъул ва адабияталъул Ассоциациялъ. Гьезул вакилзабаз ПатIиматие шапакъатал кьуна.

**«Гумбет» информациялъул гIуцIи**

ДОКУМЕНТЫ

# Собрание депутатов сельского поселения «Село Гадари»

**РЕШЕНИЕ № 3**

**17 апрель 2024 г.** **с. Гадари**

## «Об утверждении отчета об исполнении бюджета МО «Село Гадари» за 2023 год»

**Руководствуясь Бюджетным кодексом Российской Федерации и Федеральным законом Российской Федерации от 06 октября 2003 года №131-ФЗ « Об общих принципах организации местного самоуправ-ления в Российской Федерации», Бюджетным Законодательством Республики Дагестан, Уставом АСП «Село Гадари», послушав доклад главы сельского поселения об исполнении бюджета МО «Село Гадари» за 2023 год Собрание депутатов:**

РЕШАЕТ:

1.Утвердить отчет об исполнении бюджета МО «Село Гадари» Гумбетовского района за 2023 год:

- по доходам в сумме 2193,4 тыс. рублей согласно приложению №1 к настоящему решению

- по расходам в сумме 1944,4 тысяча рублей согласно приложе-нию №2 к настоящему решению

2. Настоящее решение вступает в силу с момента принятия и под-лежит официальному опубликованию в районной газете «Гумбет»

**Председатель Собрания**
**М.М. Магомедов**

**Приложение №1**
**к решению Собрания депутатов сельского поселения «Село Гадари»**

### Доходы бюджета сельского поселения «Село Гадари» за 2023 год

| Наименование показателей | КОДЫ классификации доходов бюджетов | План на 2023 год | Фактически исполнено за 2023 год | % исполнения |
|---|---|---|---|---|
| Налог на доходы физических лиц | 18210102010011000110 | 1,0 | 3,3 | 330,0 |
| Налог на имущество физических лиц | 18210601030100000110 | 2 | -9,1 | |
| Пения на налог на имущество физич.лиц | 18210601030100000110 | | | |
| Земельный налог(пп1п1ст394) | 18210606033101000110 | 10,0 | -17,2 | |
| Пения на земельный налог(пп1п1ст394) | 18210606033102100110 | | | |
| Земельный налог(пп2п1ст394) | 18210606043101000110 | | | |
| Неналоговые доходы | | | | |
| **ИТОГО СОБСТВЕННЫХ ДОХОДОВ** | | **13,0** | **-23,0** | |
| **БЕЗВОЗМЕЗДНЫЕ ПОСТУПЛЕНИЯ** | | **2381,4** | **2216,4** | **103,4** |
| **Дотация сельскому поселению из ФФПП** | 00120215001100000150 | **1393,0** | **1393,0** | **100,0** |
| **Субсидии в.т числе** | | **450,0** | **450,0** | 100,0 |
| *Субсидии бюджетам поселений на строительство модернизацию, ремонт и содержани автомобильных дорог общего пользования* | 00120220041100000150 | 450,0 | 450,0 | 100,0 |
| **Иные межбюджетные трансферты в т.ч.** средства *бюджетам поселений на выполнение переданных полномочий* | 00120240014100000150 | **428,0** | **428,0** | 100,0 |
| **Возврат** | 00121960010100000150 | | **-165** | |
| **Субвенции** | | **110,4** | **110,4** | **100,0** |
| | **в том числе** | | | |
| Выполнение полномочии по первичному воинскому учету на территориях, где отсуствуют военные комиссариаты (ВУС) | 00120235118100000150 | 110,4 | 110,4 | 100,0 |
| Возврат излишне взысканных налогов | 00120805000100000150 | | | |
| **ВСЕГО ДОХОДОВ** | | **2394,4** | **2193,4** | **91,6** |

**Приложение №1**
**к решению Собрания депутатов сельского поселения «Село Гадари»**

### Исполнение бюджета по расходам сельского поселения «Село Гадари»

(тыс. руб.)

| Наименование | адм. | Рз | ПР | ЦСР | Лимит бюджетных обязательств на 2023 г. | Кассовые выплаты за 2023 г. | % выполнения |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| **ВСЕГО** | | | | | **2107,4** | **1944,4** | **92,3** |
| **Общегосударственные вопросы** | **001** | **01** | **00** | **9900010040** | **1362,0** | **1341,0** | **98,5** |
| ФункционированиеПравительства РФ, высших исполнительных органов госуд.власти субъектов РФ, местных администраций | 001 | 01 | 04 | 9900010040 | 1362,0 | 1341,0 | 98,5 |
| **Национальная оборона** | **001** | **02** | **00** | **9980051180** | **110,4** | **110,4** | **100,0** |
| Мобилизация и вневойсковая подготовка (ВУС) | 001 | 02 | 03 | 9980051180 | 110,4 | 110,4 | 100,0 |

**(Продолжение на- 4 стр.)**

**Исполнение бюджета по расходам сельского поселения «Село Гадари»**

(Начало - на 3 стр.)

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| **Национальная экономика** | **001** | **04** | **00** | **9900040200** | **490,0** | **399,0** | **81,4** |
| Дорожный фонд | 001 | 04 | 09 | 9900040200 | 490,0 | 399,0 | 81,4 |
| **Жилищно-коммунальное хозяйство** | ***001*** | ***05*** | ***00*** | ***9900040010*** | **118,0** | **94,0** | **79,7** |
| Благоустройство | *001* | *05* | *03* | *9900040010* | 118,0 | 94,0 | 79,7 |
| **Молодежная политика** | *001* | *07* | *07* | ***9900070050*** | **5,0** | | |
| **Физкультура и спорт** | *001* | *11* | *02* | ***9900090100*** | **10,0** | | |

РИТМ ГУМБЕТА

## В Мехельтинской ООШ провели показ фильма «Гомер ХХ века», посвященного народному поэту РД Сулейману Стальскому

**Главой РД Сергеем Меликовым 2024 год объявлен в регионе Годом народного поэта Дагестана Сулеймана Стальского. В связи с этим представителями культуры Гумбетовского района совместно с образовательными учреждениями муниципалитета проводятся конкурсы, показы фильмов и другие мероприятия, посвященные жизни и деятельности Сулеймана Стальского.**

На базе Мехельтинской ООШ заслуженный работник культуры Республики Дагестан Набигула Ахмедибиров организовал показ фильма «Гомер ХХ века», который повествует о жизненном и творческом пути классика дагестанской поэзии Сулеймана Стальского.

**РИО «Гумбет»**

DURA LEX, SED LEX (СУРОВ ЗАКОН, НО ЗАКОН)

## О правилах поведения на природных и и искусственных водоёмах

**В преддверии купального сезона, с учетом многочисленных фактов регистрации в минувшем году гибели детей на водных объектах, также возникает необходимость принятия дополнительных мер.**

В связи с наступлением жаркой погоды, в целях недопущения гибели детей на водоемах в летний период, обращаюсь к родителям с убедительной просьбой, провести с детьми разъяснительную беседу о правилах поведения на природных и искусственных водоемах, и о последствиях их нарушения.

В частности, о том, что:

нельзя заходить или заплывать глубоко в воду;

нельзя плавать в воде без присмотра взрослых;

нельзя нырять в воду;

нельзя долго находится в воде;

находясь в воде, нельзя толкаться с другими детьми, удерживать их под водой;

если увидел тонущего человека, необходимо незамедлительно сообщить об этом взрослым.

Этим самым, будут предупреждены несчастные случаи с детьми на воде.

Также прокуратура разъясняет, что статья 125 Уголовного кодекса Российской Федерации предусматривает уголовную ответственность за заведомое оставление без помощи лица, находящегося в опасном для жизни и здоровья состоянии и лишенного возможности принять меры к самосохранению по малолетству, старости, болезни или вследствие своей беспомощности, в случаях, если виновный имел возможность оказать помощь этому лицу и был обязан иметь о нем заботу либо сам поставил его в опасное состояние.

Кроме того, за ненадлежащее исполнение родителями или иными законными представителями объязаностей по содержанию и воспитанию несовершеннолетних, предусмотренна админимтративная ответственность, по статье 5.35 кодекса Российской Федерации об административных правонарушениях.

**Ю.М.Алиев,**
**прокурор Гумбетовского района**
**младший советник юстиции**

## Об обеспечении безопасности в общественных местах

**Уважаемые гумбетовцы!**

**Поздравляю вас с Днем Победы в Великой Отечественной войне! В этот праздник всех нас переполняет чувство гордости за поколение победителей, освободившее мир от фашизма. Мы знаем, какой ценой далась эта Победа, и свято чтим ратные и трудовые подвиги тех, кто выстоял в героической борьбе за свободу и независимость Родины.**

Уверен, эти традиции продолжат наши дети, внуки, правнуки. Мы никому не позволим переписать страницы истории и будем стремиться быть достойными наших дорогих ветеранов – подлинных патриотов, не жалевших себя ради чести и славы Отечества.

Значение и роль Великой Победы неоценимо. Особенно в свете проведения спец. операции на Украине. Тогда наши деды и отцы бились против нацизма, а сегодня их дело продолжают их внуки и правнуки.

Пусть небо над нашей Родиной всегда будет мирным и безоблачным! Желаю всем счастья, здоровья, благополучия и добра!

От всего сердца поздравляю Вас с Днем Победы! От победного мая 1945 года нас отделяет уже 79 лет, но память о подвиге нашего народа не подвластна времени. Уходят эпохи, сменяются поколения, но эта дата остается в сердце каждого, кто превыше всего ставит честь и свободу Родины. День Победы стал для всех жителей нашей великой страны символом национальной гордости, воинской славы и доблести.

Значение и роль Великой Победы неоценимо. Особенно в свете последних политических событий. Тогда наши деды и отцы бились и уничтожили нацизм в Германии, а сегодня их дело продолжают их внуки и правнуки на Украине.

В этот торжественный день примите искренние пожелания здоровья, счастья, благополучия и мирного неба над головой. Отделом МВД России по Гумбетовскому району в целях обеспечения общественного порядка и обеспечения общественной безопасности в период празднования 79-й годовщины победы в Великой Отечественной войне, а также предотвращения возможных террористических актов, диверсий и других тяжких преступлений будут проводится следящая работа:

Все места проведения праздничных и спортивных мероприятий будут взяты под усиленную охрану в целях недопущения возможных диверсионно-террористических актов и других тяжких преступлений.

Законодательством установлены общие правила поведения посетителей во время проведения спортивных соревнований, концертов и других массовых мероприятий.

Так запрещается:

– проносить огнестрельное и холодное оружие, взрывчатые, ядовитые, сильно пахнущие и наркотические вещества, а также колющие и режущие предметы, чемоданы, большие сумки и иные предметы, мешающие нормальному проведению мероприятия;

– находиться во время проведения спортивных и иных зрелищных мероприятий на лестницах или люках, выбегать на поле или сцену, а также создавать помехи передвижению зрителей либо участников;

– распивать спиртные напитки или появляться на стадионах в пьяном виде;

– допускать выкрики, скандировать лозунги, унижающие человеческое достоинство и общественную нравственность;

– выбрасывать на поле и трибуны различные предметы, которые могут причинить ущерб жизни и здоровью других людей.

Ответственность за нарушения правил поведения зрителей при проведении официальных спортивных соревнований, утверждены постановлением Правительства Российской Федерации от 16.12. 2013 № 1156, и предусмотрена ответственность в соответствии с частью 1 статьи 20.31 КоАП РФ - наложение административного штрафа в размере от трех тысяч до десяти тысяч рублей или обязательные работы на срок до ста шестидесяти часов с наложением административного запрета на посещение мест проведения официальных спортивных соревнований в дни их проведения на срок от шести месяцев до трех лет либо без такового.

Кроме того, при проведении массовых мероприятий зачастую могут совершаться иные административные правонарушения, посягающие на общественный порядок и общественную безопасность. К наиболее распространенным среди них относятся правонарушения, предусмотренные;

- статьями 20.1 КоАП РФ «Мелкое хулиганство» (штраф от 500 до 1 тысячи рублей или административный арест до 15 суток);

- ст. 20.20 КоАП РФ «Распитие пива и напитков, изготавливаемых на его основе, алкогольной и спиртосодержащей продукции либо потребление наркотических средств или психотропных веществ в общественных местах» (штраф от 500 до 1 тысячи рублей или административный арест до 15 суток);

- ст.20.21 КоАП РФ появление в общественном месте в состоянии опьянения» (штраф от 500 до 1 тысячи рублей или административный арест до 15 суток). Призываю всех жителей района не допускать правонарушения в столь значимый день в истории нашей страны, 79 годовщины Победы в Великой Отечественной войне.

Желаю всем крепкого здоровья!!!

**М.А. Адилгереев,**
**врио начальника ОМВД РД по Гумбетовскому району**
**подполковник полиции**

БетIерав редактор:
ХIамзат МухIамадович ГIизудинов
телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь:
Зугьра ГIабдулкъадирова
Корреспондентал:
Макка МухIамадова
Фотомухбир:
Гебек Гебеков

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес:
МахIачхъала, Петр ТIоцевесесул къватI, 61

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакъулъулазул нур» абурал цIаразда гьоркь
Учредитель:
РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1003
Газета къватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекьон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул авторaз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.